**दिन–सोमवार** **दिनांक–30.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार विधान परिषदक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। श्री कुमार अपन त्यागपत्र विधान पार्षद संजय गांधी के माध्यम सँ विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह के सौंपलनि अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी ई जनतब देलनि। विदित अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्यसभाक लेल निर्वाचित भऽ चुकलाह अछि। विधान परिषद सचिवालय श्री कुमारक त्यागपत्र के स्वीकृत कयल जयबाक पत्र जारी कऽ देलक अछि। एम्हर, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ राज्यसभाक नवनिर्वाचित सांसद नितिन नवीन सेहो आइ विधानसभाक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि। बिहार प्रदेश भाजपा अध्यक्ष संयज सरावगी हुनक त्यागपत्र विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार के आइ सौंपि देलनि। श्री सरावगी मीडिया सँ गपशप करैत कहलनि जे श्री नवीन काल्हिये अपन त्यागपत्र अध्यक्ष महोदय के देबाक लेल देने छलाह। विधानसभा अध्यक्ष श्री कुमार कहलनि जे श्री नवीनक इस्तिफा स्वीकार कऽ लेल गेल अछि आ आवश्यक कार्यवाही के लेल प्रभारी सचिव के पठा देल गेल अछि।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आ राज्य सरकारक मंत्री अशोक चौधरी कहलनि जे नीतीश कुमार विकासक एक पैघ रेखा खिचलनि अछि। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे आगां आबवला लोकक लेल एकर लऽग पास पहुंचब एक पैघ चुनौती होयत। श्री चौधरी कहलनि जे बिहारक सरकार नीतीश कुमारहिं के मार्गदर्शन मे चलत।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि जे नीतीश कुमार सोचि–विचारि कऽ ई निर्णय लेलनि अछि। श्री मांझी कहलनि जे एहि मे अंदाजा लगेबाक कोनो आवश्यकता नहि अछि।

---

पंयायती राज मंत्री दीपक प्रकाश कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्यसभा जा रहल छथि। श्री प्रकाश कहलनि जे हुनक मार्गदर्शन आगां सेहो भेटैत रहत।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक परिषद सँ त्यागपत्र देब दबाव मे लेल गेल निर्णय अछि। ओ कहलनि जे ओ पहिने सँ ई स्पष्ट कयने छलाह जे चुनावक बाद नीतीश कुमार के मुख्यमंत्री नहि रहऽ देल जायत।

———————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु काल्हि नालंदा विश्वविद्यालयक द्वितीय दीक्षांत समारोह मे मुख्य अतिथिक रूप मे सम्मिलित हेतीह। ई राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु के राजगीर तथा नालंदा विश्वविद्यालयक प्रथम दौरा होयत। दीक्षांत समारोहक आयोजन विश्वविद्यालयक नव उद्घाटित स्थाई परिसर मे कयल जायत। विश्वविद्यालय एहि संबंध मे विज्ञप्ति जारी कऽ जनौलक जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी द्वारा बाईसम आसियान शिखर सम्मेलनक दरमियान घोषित दक्षिण–पूर्व एशियाई अध्यनन केन्द्रक औपचारिक शुभारंभ सेहो होयत। एहि अवसर पर राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, विदेश मंत्री एस.जयशंकर सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित रहताह।

———————————————————————

केन्द्र सरकार एक राजपत्र अधिसूचना जारी कऽ एक्कैस राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेश सभ मे सार्वजनिक वितरण प्रणाली के अंतर्गत उच्च गुणवत्तावला मटिया तेल के वितरणक अनुमति देलक अछि। ई निर्णय विश्व भरि मे ऊर्जा आपूर्ति के प्रभावित कऽ रहल भू–राजनीतिक परिस्थिति के ध्यान मे राखैत लेल गेल अछि। एकर उद्देश्य ओहेन क्षेत्र मे खेनाई बनेबाक आ प्रकाश व्यवस्थाक आवश्यकता के पूरा करबाक अछि जतऽ सामान्य परिस्थिति मे किरासन तेल के उपयोग बंद कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

दू हजार सत्ताईस जनगणना पहिल अप्रील सँ शुरू होयत। ई स्वतंत्रताक बादक आठम आ एहि श्रृंखलाक सोलहम जनगणना होयत। आइ नव दिल्ली मे एक संवाददाता सम्मेलन मे महारजिस्ट्रार आ जनगणना आयुक्त, मृत्युंजय कुमार नारायण जनौलनि जे जनगणना दू चरण मे आयोजित कयल जायत। श्री नारायण कहलनि जे पहिल चरण मे घर–घर ंके सूची बना कऽ आ स्वगणना कयल जायत। आयुक्त जनौलनि जे स्वगणना के संचालन केन्द्र आ राज्यशासित प्रदेश मे फराक–फराक होयत। ओ कहलनि जे हरेक राज्य आ केन्द्रशासित द्वारा स्वगणना पूरा भेलाक बाद तीस सितंबर धरि तीस दिनक अवधि मे घर सभक सूची तैयार कयल जायत। श्री नारायण जनौलनि जे जनगणना के दोसर चरण मे जातिगणना कयल जायत।

———————————————————————

प्रदेश मे सरकारी स्कूल सभ मे शिक्षक लोकनिक छ ुट्टी प्रक्रिया के आसान बनेबाक लेल ई–शिक्षा कोष पोर्टल की माध्यम सँ आवेदन लेल जाय

———————————————————————

प्रदेशक बेसीतर भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभागक रिपोर्ट के अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे किशनगंज जिला मे एक दू स्थान पर हल्का वर्ष भेल अछि। ओतहि, मधुबनी मे तेज अन्धर के कारण कतेको ठाम कच्चा मकान के नोकसान भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा के दरमियान सुपौल, अररिया, किशनगंज, रोहतास, भभुआ आ औरंगाबाद सहित राज्यक उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको स्थान पर तेज अन्धर चलबाक आशंका अछि। एहि दरमियान किछु ठाम ठनका आ बुंदाबांदी सेहो भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

भारत नेपाल अन्तर्राष्ट्रीय सीमा पर तैनात एसएसबी के जवान जयनगर–मधुबनी जिला अंतर्गत बासोपट्टी के जानकीनगर बीओपी मे गश्ती के दरमियान दू गोटे के भारतीय सीमा मे प्रवेश करैत गिरफ्तार कयलक अछि। संगहि ओकरा लोक सँ नेपाली टाका सेहो प्राप्त कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त